

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Désain Panalungtikan

Métode panalungtikan nyaéta hiji cara pikeun ngahontal tujuan tina panalungtikan. Dina panalungtikan kudu ayana data pikeun ditalungtik, panalungtik mikabutuh hiji métode atawa téknik pikeun meunangkeun data sangkan ngahontal tujuan panalungtikanana. Métode nyaéta cara nu kudu dilakonan ku panalungtik, sedengkeun téknik nyaéta cara pikeun ngajalankeun métode (Sudaryanto, 1993, kc, 56). Métode mangrupa cara pikeun ngahontal tujuan dina panalungtikan, cara nu dilakukeun mangrupa cara nu ilmiah. Dina panalungtikan kudu ayana data pikeun ditalungtik, panalungtik mikabutuh hiji métode atawa téknik pikeun meunangkeun data sangkan ngahontal tujuan panalungtikanana. Nurutkeun Sudaryanto métode nyaéta cara nu kudu dilakonan ku panalungtik, sedengkeun téknik nyaéta cara pikeun ngajalankeun métode. Métode mangrupa léngkah-léngkah nu dilakonan pikeun ngahontal tujuan dina hiji masalah (N.K. Ratna, 2011, kc. 77).

Métode dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode kualitatif. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan nu ngaampu téknik deskriptif analisis. Luyu jeung pamadegan Moleong (Dina Muhammad, 2016, kc. 30) yén metodologi kualitatif mangrupa prosedur panalungtikan nu ngahasilkeun data déskriptif. Nurutkeun Nawawi (1995 dina Siswanto, 2010, kc. 56) métode déskriptif dihartikeun salaku prosedur dina panalungtikan ku cara ngadéskripsikeun kaayaan subjék atau objék panalungtikan (novel, drama, carita pondok, puisi). Cindekna, panalungtikan kualitatif mangrupa panalungtikan nu ngagunakeun déskripsi analisis salaku métode.

Patali jeung métode panalungtikan aya désain panalungtikan, nyaéta runtuyan léngkah nu baris dilakonan ku panalungtik sangkan ngahontal hasil panalungtikan. Dina ieu panalungtikan desain nu dipikabutuh nyaéta hiji rarancang ti mimiti pokok permasalahan tug nepi ka nyieun kacindekan. Anapon désainna, nyaéta:

Désain Panalungtikan



Gambar 3.1

Yanti Tianawati_2024

KASENIAN BANGRÉNG DI KACAMATAN CILAWU KABUPATÉN GARUT (Ulikan Struktural, Sémiotik, jeung Étnopédagogi)

Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2 Lokasi, Data, jeung Sumber Data Panalungtikan

Sumber data nyaéta subjék anu bisa dipaké pikeun nyangking data (Arikunto, 2012, kc. 172). Sumber data dina panalungtikan bisa dipaluruh sacara langsung jeung teu langsung. Sumber data anu langsung dipaluruh ti lapangan atawa laboratorium disebutna sumber data primer. Ari sumber data anu dipaluruh tina bahan bacaan mah disebutna sumber data sékunder (Nasution, 2003, kc. 143). Dina ieu panalungtikan, nu baris jadi sumber data nyaéta kasenian Bangréng nu aya di Kacamatan Cilawu nu ngawengku 4 lokasi nyaéta: : 1. Sigemang, Kp. Cipamuruyan, RT 02 RW 06 Desa Dayeuhmanggung Kacamatan Cilawu Garut. 2. Putra Sekarwangi: Kp. Cibojong RT RW 08 Desa Mekarsari Kacamatan Cilawu Garut. 3. Putra Pusaka Parahyangan: Kp. Pasirlimus RT 01 RW 04 Desa Dawungsari Kacamatan Cilawu Garut. 4. Cibulakan RT 04 RW 05 Desa Sukamaju Kacamatan Cilawu Garut Dayeuhmanggung, Pasirmulus, Mekarsari, jeung Cibulakan.

3.3 Téhnik Panalungtikan

Téhnik dipaké dina ieu panalungtikan dibagi jadi dua nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data. Dua téhnik ieu dipaké lantaran kabutuh panalungtik pikeun ngumpulna data, anu satuluyna dianalisis.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nyaéta cara atawa métode pikeun nyangking data nu baris ditalungtik. Hal ieu penting dilakukeun sangkan panalungtik bisa meunangkeun data. Anapon dina ieu panalungtikan, digunakeun sababaraha téhnik, nya éta:

a. Téhnik Dokuméntasi

Dokuméntasi dina KBBI (2016) nyaéta téhnik dina ngumpulkeun bukti atawa katerangan di antarana nyaéta gambar, kutipan, guntingan koran, jeung référénsi lianna. Anapon prak-prakanna nyaéta ngaliwatan téhnik ngaregepkeun. Sakumaha nu ditétélakeun ku Sudaryanto (1993 dina Muhammad, 2016, kc, 206) pikeun ngumpulkeun data atawa nyadiakeun data, sacara umum aya dua téknik nyaéta: ngaregepkeun jeung cakap.

b. Téhnik Studi Pustaka

Nurutkeun Sugiyono Studi pustaka mangrupa hal-hal nu aya patalina jeung panalungtikan. Anapon sacara téoritis aya tilu kritéria nu jadi dadasar dina panalungtikan diantarana nyaéta *rélévansi*, *mutahir*, jeung *kagunaan*. Tilu kritéria éta mangrupa dadasar nu jadi puseur sangkan luyu jeung masalah dina panalungtikan. Téhnik studi pustaka digunakeun sangkan jadi babanding data nu geus dimeunangkeun tina téhnik dokuméntasi.

c. Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara digunakeun sangkan nguatan datang nu geus dimeunangkeun. Data disangking ngaliwatan alat rekam vidéo jeung poto, sadédéngeun ti éta ogé hasil wawancara. Ku kituna, dina meunangkeun data ieu, panalungtik merlukeun alat-alat pikeun ngarojong kana ngumpulkeun data. Sabada data geus dimeunangkeun, laju panalungtik ngarékap hasil wawancara kana transkripsi naskah hasil wawancara. Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngumpulkeun data kalayan obsérvasi ka lapangan, laju ngalakonan wawancara jeung narasumber.

3.3.2 Téhnik Analisis Data

Korpus nu dipaké dina ieu panalungtikan mangrupa kasenian bangréng. Data nu dimeunangkeun ku panalungtik mangrupa transkrip hasil wawancara, audio wawancara, vidéo, katut jeung potrét kasenian bangréngna. Ku kituna sabada panalungtik ngalakukeun téhnik ngumpulkeun data ngaliwatan obsérvasi, jeung wawancara, panalungtik ngaroba sakabéh data kana téks. Hal ieu dilakonan kalayan interpretasi panalungtik. Sanggeus hasil obsérvasi jeung wawancara aya dina wangun transkripsi, data laju dianalisis strukturna kalayan pamarekan Lévi Strauss. Sabada panalungtik ngabongkar strukturna, panalungtik laju ngadéskripsikeun makna-makna *sémiotika* nu nyangkaruk dina kasenian bangréng kalayan pamarekan Peircean. Tahap satuluyna nyaéta panalungtik ngadéskripsikeun unsur-unsur *étnopédagogik*, laju nyusun kacindekan.

Dumasar pedaran di luhur, panalungtik geus maké téhnik studi pustaka, lantaran maké pamarekan-pamarekan tiori pikeun jadi kacamata atawa *pésó analisis*

dina panalungtikanana. Anapon tahap-tahap dina téhnik analsis data ieu bisa dijabarkeun kalayan ieu di handap:

- 1) Panalungtik ngaregepkeun hasil tina obsérvasi, wawancara di lapangan kalayan gemet.
- 2) Panalungtik nga interpretasi hasil tina obsérvasi jeung wawancarana.
- 3) Panalungtik ngarobah wangun audio, vidéo hasil wawancara kana wangun transkripsi hasil obsérvasi jeung wawancara.
- 4) Transkripsi satuluyna jadi data nu bakal dianalisis ku panalungtik.
- 5) Panalungtik ngaguar struktur dina kasenian bangréng kalayan pamarekan Lévi Strauss.
- 6) Panalungtik ngadéskripsikeun sémiotika Peircean nu nyangkaruk dina kasenian bangréng
- 7) Panalungtik ngadéskripsikeun ajén-inajén étnopédagogi kasundaan nu aya dina kasenian bangréng.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat pikeun ngarojong panalungtik dina raraga nganalisis data, ku cara ngagunakeun hiji téhnik panalungtikan. Anapon dina ieu panalungtikan, digunakeun instrumén kartu data. Dina ieu panalungtikan, kartu data digunakeun sangkan panalungtik babari milih data tina sumber téks data nu baris ditalungtik. Ieu hal luyu jeung pamadegan (Arikunto, 2010, kc. 192) nétélakeun yén instrumén nyaéta alat bantu pikeun nalungtik ku cara ngagunakeun hiji téhnik panalungtikan. Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina prosés ngumpulkeun data, sangkan panalungtik leuwih gampang sarta hasilna ogé leuwih hadé, Lian ti kitu, pikeun ngarojong panalungtik dina raraga ngadéskripsikeun unsur-unsur nu kapanggih, panalungtik ngagunakeun tabél dumasar kana analisisna. Anapon alat nu ngarojong dina ieu panalungtikan nyaéta:

a) Alat Rekam

Alat rekam digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun data-data nu dimeunangkeun ti narasumber kalayan ngaliwatan sora. Alat rekam nu digunakeun

nyaéta *handphone* merek Iphone Xr 256 GB anu satuluyna audio hasil gunem catur jeung pupuhu grup kasenian bangréng ieu bakal ditranskripsikeun kana wangun téks.

b) Kaméra

Kaméra digunakeun pikeun motrét jeung midio hal-hal nu sakirana perlu katut pakait jeung objék panalungtikan. Anapon kaméra nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kaméra *handphone* merek Iphone Xr 256 GB, jeung kamera Canon Miroles M1, 1 *Terabyte*. Lian ti kitu, ayana potrét bisa jadi barang bukti yén panalungtik enya-nya ngajalankeun obsérvasi jeung wawancaraana.

c) Tabél Instrumént pikeun Ngolah data

Tabél instrumént diperelukeun pikeun ngarojong panalungtik sangkan leuwih babari dina ngadéskripsikeun hasil analisisna. Anapon tabél nu diperelukeun nyaéta tabél nu nyangkem data sémiotika nu ngawengku kana ikon, indeks, jeung lambang. Sagédéngneun ti éta ogé tabél ieu diperlukeun pikeun nyangkem ajén-ajén étnopédagogi kasundaan. Anapon tabélna bisa ditilik dina ieu di handap:

Tabél 3.1

Analisis Sémiotika Ikon, Indéks, Simbol dina Kasenian Bangréng

No	Data	Semiotik			Interprétasi
		Ikon	Indeks	Simbol	
1.					
2.					
3.					

Tabél 3.2

Analisis Unsur Étnopédagogi Dina

Alat jeung Bahan Kasenian Bangréng (Tri-Silas)

No.	Alat Jeung Bahan	Tri- Silas			Interprétasi
		SAA	SAI	SAU	
1.					
2.					

Yanti Tianawati_2024

KASENIAN BANGRÉNG DI KACAMATAN CILAWU KABUPATEN GARUT (Ulukan Struktural, Sémiotik, jeung Étnopédagogi)

Universitas Pendidikan Indonesia | repositori.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.3
Analisis Unsur Étnopédagogi dina Kasenian Bangréng
(Catur Diri Insan)

No.	Alat Jeung Bahan	Catur Diri Insan				Interprétasi
		PA	LÉ	JB	RG	
1.						
2.						
3.						

Tabél 3.4
Analisis Unsur Étnopédagogi dina Kasenian Bangréng
(Gapura Panca Waluya)

No.	Alat Jeung Bahan	Catur Diri Insan					Interprétasi
		Cag	Bag	Ben	Pin	Sing	
1.							
2.							
3.							

Tabél 3.5
Analisis Unsur Étnopédagogi dina Kasenian Bangréng
(Ajén Moral)

No	Alat Jeung Bahan	Ajén Moral						Interprétasi
		MMT	MMP	MML	MMA	MLW	MMLB	
1.								
2.								
3.								